



Pou Piblikasyon Imedya: 16/12/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL SIYEN LEJISLASYON K AP EDE MARYAJ, SELEBRASYON
AK LÒT EVÈNMAN DEYÒ SIT YO KENBE PÈMI POU BWASON ALKOLIZE**

***Lejislasyon (S.9049/A.10176) pèmèt etablisman restoran ki elijib yo ppou aplike
pou yon lisans restorasyon andeyò etablisman an pou sèvi alkòl nan lokal
evènman an***

***Anvan sa, tretè ki pa te satisfè egzijans pou yon lisans restorasyon te bezwen
yon pèmi tanporè ki t ap pèmèt yo sèlman sèvi byè, diven ak sid nan evènman ki
te fèt andeyò lokal la***

Gouvènè Kathy Hochul te siyen jodi a lejislasyon (S.9049/A.10176) pou modènize Lwa sou kontwòl Bwason ki gen Alkòl epi otorize Otorite Alkòl Eta New York (New York State Liquor Authority) pou bay etablisman restorasyon ki elijib yo yon lisans pou sèvi alkòl nan maryaj, bankè oswa lòt fonksyon ki fèt nan lokal ki andeyò sit etablisman restorasyon an.

"Ann leve yon vè pou nouvo marye yo, ke lanmou ak afeksyon mityèl se yon enspirasyon pou nou tout", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Nan siyen nouvo lwa sa a, n ap franchi yon etap enpòtan pou sipòte founisè yo ak lòt ti biznis yo - pandan n ap ede koup marye yo planifye selebrasyon yo te toujou reve a. Mwen fyè pou m siyen pwojè lwa sa a epi mwen pral kontinye goumen pou sektè otèl nou an ak tout ti biznis yo".

Lejislasyon (S.9049/A.10176) amande Lwa sou Kontwòl Bwason ki gen Alkòl la pou kreye yon nouvo lisans pou biznis restorasyon ki san lokal pou dine pou sèvi bwason ki gen alkòl nan lokal kote evènman an ap fèt la. Anpil biznis restorasyon nan tout eta a pa gen yon etablisman ki satisfè kondisyon prensipal yo pou aplike pou yon lisans restorasyon - yon kwizin ak yon sal a manje oswa resepsyon ki gen kapasite pou sèvi ak resevwa 50 moun pou pi piti. Se poutèt sa, enstalasyon sa yo te bezwen aplike pou pèmi tanporè ki t ap pèmèt yo sèlman sèvi byè, diven ak sid nan evènman yo andeyò sit la. Avèk lejislasyon sa a, tretè ki gen yon etablisman ki gen yon kwizin, men ki pa gen kapasite pou 50 moun, kapab kounye a aplike pou yon lisans restorasyon andeyò etablisman a, ki pèmèt yo sèvi alkòl anplis byè, diven ak sid nan lokal evènman an.

Senatè Eta Anna M. Kaplan, te deklare, "Lwa New York ki demode ak konfi sou alkòl yo fè li prèske enposib pou ti biznis restorasyon yo demare san yon gwo investisman nan pwòp espas evènman yo, epi nan yon moman kote anpil nan biznis sa yo toujou ap lite ak epòk pandemi an, yo merite yon poz nan règleman ki penib ak koute chè. Mwen rekonesan pou Gouvènè Hochul paske li te siyen pwojè lwa senp mwen an ki pral sipòte ti biznis restorasyon yo epi bay konsomatè yo plis opsyon pou òganize evènman espesyal, epi mwen rekonesan pou lidèchip li pou amelyore klima ti biznis nan New York".

Manm Asanble Fred Thiele te deklare, "Adopsyon mezi sa a pral modènize dispozisyon Lwa sou Kontwòl Bwason ki gen Alkòl ki pral ede pwomouvwa pi gwo opòtinite biznis pou endistri restorasyon andeyò etablisman an. Mwen te kontan travay avèk Otorite Alkòl Eta a ak Senatè Anna Kaplan sou efò sa a pou fè ti biznis lokal nou yo vin yon pati ki pi solid ak esansyèl nan ekonomi nou an. Mwen remèsye Gouvènè Hochul paske li siyen mezi enpòtan sa a pou vin lwa".

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418